

Ou bezwen yon ti bourad lajan pou bay timoun ou manje lè pa gen lekòl pandan sezon lete?

## Aprann kijan pwogram EBT/SUN Bucks Sezon Lete Ohio a ka ede w!



EBT/SUN Bucks Sezon Lete se yon nouvo pwogram nan Ohio pou ede fanmi yo achte manje pou timoun yo ki gen laj pou frekante lekòl pandan sezon lete. Fanmi yo pral resevwa \$120 pou chak timoun ki elijib pou achte manje pandan sezon lete. Timoun ki resevwa EBT/SUN Bucks Sezon Lete yo ka kontinye patisipe nan lò pwogram repa sezon lete. Lefèt pou resevwa EBT/SUN Bucks Sezon Lete p ap enpakte sityasyon imigrasyon timoun oswa fanmi yo.

### Kijan sa fonksyone?

Benefis Ohio pou EBT/SUN Bucks Sezon Lete pral chaje sou yon NOUVO kat (gade anba a) epi yo pral voye l lakay ou nan kourye lapòs oswa ajoute li sou kat moun ki abite nan menm kay genyen deja a ki rele Ohio Direction Card. Si w elijib, ou kapab itilize benefis Sezon Lete EBT/SUN Bucks Ohio yo pou achte manje tankou fwi, legim, vyann, green antye ak pwodui letye nan makèt, mach kiltivatè yo ak lòt kote ki aksepte benefis SNAP EBT yo.

Eskane kòd QR la pou konn kote ou ka itilize SNAP!



### Èske pitit mwen elijib?

Pitit ou elijib pou EBT/SUN Bucks Sezon Lete Ohio si:


- Moun lakay ou depa ap patisipe nan SNAP
  - Benefis pitit ou pral ajoute otomatikman sou kat Ohio Direction **yo e yo PA bezwen aplike.**
- Pitit ou frekante yon lekòl ki ofri Pwogram Nasyonal Lennch Lekòl (NSLP) oswa Pwogram Tidejne Lekòl (SBP), epi l ap ranpli yon aplikasyon pou lennch gratis oswa ak rabè.
- Si pitit ou patisipe nan Medicaid oswa OWF epi revni kay ou egal oswa anba 185% FPL la, yo pral enskri otomatikman men yo pral resevwa yon nouvo kat nan kourye lapòs.

### Ou fèk demenaje?

Aktyalize adrè ou pou asire w ke yo voye benefis Sezon lete EBT/SUN Bucks w yo nan bon adrès la!



Eskane kòd QR la pou lokalize biwo lokal Sèvis pou Djòb ak Fanmi a pou voye fòm chanjman adrè la.



Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri al gade nan [ohiosummerebt.org](http://ohiosummerebt.org) ak nan [sebt.ohio.gov](http://sebt.ohio.gov)



Si pitit ou pa resevwa SNAP, OWF, si li pa elijib pou revni Medicaid epi yo pa t apwouve l dirèkteman pou repa lekòl gratis/ak rabè, ou gendwa elijib toujou sou labaz revni moun lakay ou. Si revni moun lakay ou desann nan nivo oswa anba direktiv mansyèl sa yo, ou ta dwe ranpli aplikasyon Sezon Lete EBT Ohio an.

Household Size	185% FPL
1 	\$2,321.75
2 	\$3,151.17
3 	\$3,980.58
4 	\$4,810.00
5 	\$5,639.42
6 	\$6,468.83
Each Additional person 	+\$829



### Kijan mwen ka enskri pitit mwen nan EBT/SUN Bucks Sezon Lete a?

Anpil fanmi pral resevwa otomatikman EBT/SUN Bucks Sezon Lete si y ap resevwa lòt benefis, men sèten fanmi gendwa bezwen aplike pou pwogram la.

Si moun lakay ou resevwa SNAP, OWF epi/oswa yo elijib pou revni Medicaid ak repa pri redui oswa yo te sètifye yo dirèkteman pou repa pri redui, yo pral **enskri yo otomatikman** nan pwogram EBT/SUN Bucks Sezon Lete a. **Ou pa bezwen ranpli yon aplikasyon.** Ou pral resevwa yon kat nan kourye lapòs oswa yo pral ajoute benefis yo sou Kat Ohio Direction a.

Si ou pa enskri otomatikman epi ou kwè pitit ou(yo) elijib, ou kapab aplike pou EBT/SUN Bucks Sezon Lete a lè ou ranpli yon senp aplikasyon gras ak kòd QR ki anba la a.



Pou aplike anliy, eskane kòd QR la!

Pou aprann plis, al gade nan [ohiosummerebt.org](http://ohiosummerebt.org)

